


## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд Цæгат Иристони дзиллæ еци еузæрдиуæй исистадæнцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохмæ. Тохунгъон си ка адтæй, етæ, нæлгоймагæй дæр æма силгоймагæй дæр цудæнцæ фронтмæ, тох кодтонцæ партизанон æма адæмон хуæдæфсади отрядти, кунæггæнæг батальонти айдагъ нæхе республики нæ, фал, æндæр, знаг рæстæгмæ ке байахæста ССР Цæдеси, еци рауæнти. Цæгат Иристони цæргутæй тугъди Райгурæн бæсти сæрбæлтау æ цард ка исхивонд кодта, уонæн еумæйаг номерæн циртдзæвæн æвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№23 (804) 2021 анзи 26 июнь – хорхæтæни мæйæ



Каджати Вадими конд хузæ «Гъудæг. Гæздæнти æнсувæртæ»

# ÆМА КУ РАЙГЪУСТÆЙ ÆНÆНГЪÆЛТИ ФÆДЕСИ ГЪÆР, ИСИСТАДÆЙ УÆД ФИДИБÆСТÆ ÆНÆГЪÆНÆЙ ТОХМÆ...

**22 июнь Уæрæсей адæмтæн, уæдта дуйней берæ паддзахæдти рæстзæрдæ дзиллитæн æностæмæ иссæй зæрдæбæлдарæн æма хъонци Бон... Еци бон, цуппаринсæй анзей размæ, нæ Райгурæн бæстæмæ æрбалæбурдтонцæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ... Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Уой гъезæмайраг 1418 боней дæргъи Советон Цæдеси еугур адæмтæ дæр еци хъазауатонæй фронти дæр æма фæскъилдуни дæр, уодуæлдайæй сæхебæл нецæмæй ауæрдгæй, тох кодтонцæ фудголи нихмæ, цалинмæ 1945 анзи ханси мæйи æ сирддон лæгæти, Берлини хорхгонд не 'рцудæй, уæдмæ...**

**Кæд æма еци тугъди фæуунбæл дзæвгарæ рæстæг рацудæй, кæд æма цалдæр фæстугъдон фæлтæри рантæстæй, уæддæр, е хъæбæр берæ адæмтæн ци зиндзийнæдтæ æма гъезæмæрттæ бавзарун кодта, уонæй етæ абони дæр ма зæрдрист æнцæ... Уомæ гæсгæ еци рæстæгути хабæрттæ имисун еу бонбæл ма евгъуйа...**

## НОМЕРÆН



### НÆ ЗÆРДÆБÆЛ СИН ДАРДЗИНАН СÆ РОХС НÆМТТÆ...

НÆ номдзуд финсæг æма публицист Малити Васой поэтикон хæзнадони бæрæг даруй æмдзæвгити цикл «Нæ фыдæлты кадæг». Еци цикл райдайуй æмдзæвгæ «Номерæн»-æй, æма си ес мæнæ ауæхæн рæнгъитæ:

*Зæххыл цы стырдæр тох æрцыди,*
*Гъе уым ирон туг дæр ныккалд.*
*Хуыссут, нæ тохвæллад фыдæлтæ!*
*Нæ зæрдыл дардзыстæм уæ ном...*

Нæ кæнунцæ ни иронх, Фидибæсти сæребарæ сæрбæлтау цифуддæр знаги бустæги ка ниддæрæн кодта, нæ еци хъазауатон тугъдонти рохс нæмттæ, сæ агъазиау бæгъатæрдзийнадæ æма æхсаргин æскъуæлхтдзийнæдтæ.

Уæлдай цитгинæй сæ имисæн аци бæнтти – цуппаринсæй анзей размæ, 1941 анзи 22 июни сæумицъæхæй нæ Райгурæн бæстæмæ, гадзирахаттæй нæбæл рацæугæй, æрбалæбурдтонцæ тогмондаг немуцаг-фашистон æрдонгтæ. Еци бон советон адæмæн сæ райдзастдæр исонибонмæ сæ размæцуд æверхъауæй уорæд æрцудæй, сæ рохс цардарæзтбæл архайуни бæсти сæ багъудæй мæлæтдзаг тохи бацæун. Никкодта фудбони рæстæг, æма нæ бæсти дзиллæ еци еузæрдиуонæй æрлæудтæй цифуддæр знаги нихмæ, нæ Фидибæсти сæрбæлтау тохи...

3

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

*Устур Фидибæстон тугъди райдайæнбæл цуппаринсæй анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй аллианзон акци «Зæрдæбæлдарæн мудадзин цирагъ». Архайдтонцæ си сахари фæсевæд, хестæр фæлтæрти минæвæрттæ. Уомæй æримистонцæ, тугъди рæстæг Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, еци тугъдонти рохс нæмттæ...*

# ХОДИ ХАЗБИЙИ ФУРТ КАМАЛ



## Æ РОХС НОМ НÆ ИРИСТОНИ ДЗИЛЛИ ЗÆРДИТИ ЦÆРДЗÆНÆЙ ÆНОСТИ...

**Цæгат Иристонбæл æрцудæй уæззау зиан. Цуппаринсæйанздзудæй æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй национ культури игъустгонд архайæг, Иристони адæмон поэт, критик, драматург, тæлмацгæнæг æма публицист Ходи Хазбийи фурт Камал.**

**Ходи Камал райгурдæй 1941 анзи 26 январи Бæтæхъойгъæуи. 1970 анзи каст фæцæй Мæскуй М. Горькийи номбæл литературон институт. Æмгуст кодта районти газетти хæццæ, ахæста телеуинунади цæгатиристойнаг студий редактори бунат. Дæс анземæй фулдæр разамунд лæвардта журнал «Мах дуг»-и критикæ æма публицистики хайадæн, куста киунугути рауагъдадæ «Ир»-и редакторæй, фæстæдæр ба – сæйраг редакторæй.**

**Камал 1985 анзи æрлæудтæй Цæгат Иристони паддзахадон драмон театри сæргъи, еци - еу рæстæг альманах «Литературная Осетия»-йи бæрнон секретарæй косгæй.**

**Ходи Камал 1989-1990 æнзти куста Цæгат Иристони АССР-йи рауагъдæтти, полиграфи æма киунугутæй базаради паддзахадон комитети сæрдарæй. 1990 анзи æрлæудтæй Цæгат Иристони финсгути Цæдеси сæргъи.**

**Камал адтæй нуриккон ирон литератури игъустгонддæр поэттæй еу, æ уадзимистæ ба бæрæг дардтонцæ сæрмагонд исфæлдистадон хуæдхузæдзийнадæй.**

**Ходи Камал рауагъта дæс поэтикон æмбурдгондемæй фулдæр. Е ‘сфæлдистади ахсгиаг бунат ахæста аййевадон тæлмац. Камал маддæлон æвзагмæ райййивта Бокачойи, Гейнейи, Лопе де Вегайи, Шиллери, Плещееви, Исаеви, Островский æма дуйнеуон литератури берæ æндæр классикти уадзимистæ.**

**Ходи Камал адтæй Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон премий æма национ литературон преми «Нарти фæткъу»-йи лауреат. Е ниффинста Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Гимни текст.**

**Ходи Камалæн 2019 анзи исаккаг кодтонцæ уæлдæр хуæрзеуæг – Иристони Намуси орден.**

**Ирон литератури хæзнатæ Ходи Хазбийи фурт Камали медесгун аййевадон уадзимистæй исфедудтонцæ. Иристони искурдиадæгин финсæг æма патриоти рохс ном æносмæ нæ зæрдити байзайдзæнæй.**

**Сергей МЕНЯЙЛО,
Алексей МАЧНЕВ,
ТУСКЪАТИ Таймораз.**

***Ходи Камал æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй, нæ дзиллæ Устур Фидибæстон тугъди райдайæни цуппаринсæй анзи ци бæнтти бæрæг кæнунцæ, уæд... Еци æверхъау тугъд æ æгæрон берæ фудракæндтитæй зæрдихæлд фæккодта Камали зæрдæ дæр æ сабийдоги, æ карнæбæл ин ниуугъта æ додойаг фæд – æ фидæ Хазби тугъдмæ рандæ ‘й æма си æ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæй, фæммард æй Райгурæн бæсти сæрбæлтау немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ тохи... Камалæн æ зæрдрист не ‘рнидæн æй æ царди фæстаг бони уæнгæ дæр, айдагъдæр ма исфæразидæ æ хъонц е ‘мдзæвгити зæгъун... Уонæй кæцидæрти æримисæн мах дæр абони, Камали е ‘носон дуйнемæ, е ‘дзард тугъдон фиди размæ фæндараст кæнгæй.***

## МЫСÆН НЫХАС

***Мæ фыд Хазби уыди фондз æфсымæры хистæр. 1941 анзи ацыдысты Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ. Æртæйæ дзы фæмард сты: Хазби, Валодя, Бибола... Агыса æма ма дзы Дзаххотт Ирыстонмæ удæгасæй сыздæхтысты, фæлæ уыдон дæр абон уæлæуыл нал сты.***

***Ацы рæнхъытæй арын мæ фыд æма йæ цыппар æфсымæры рухс ном.***

I

Кæд топпы кæсæн æмæ карды бырынкъæй
Ирыстонæн агуырдтат амонд,
О, рухсы цæринаг фыдæлтæ!..

II

Бæтæхъойыхъæуы æмдзæхгæр къуылдымтæй
Цъæхартуадзæг дунейы судзгæ фæтæнтæм
Бæрзонд удты намыс, бæрзонд тырысайау,
Уæ сæрмæ гуыргуыргæнгæ хастат.
Сымах
Адзал æма царды æрæмных
Нæ бафтыдта тасы.
Уæууæй!
Зындоны дæлдзиныг цъæссытæй,
Гуымир тыхы абухгæ хъоргъæй
Куы рæдывта зæххы уæлцъармæ
Ныллæг удты сау фыдæх;
Арв
Куынæуал æуууæндыди Зæххыл;
Уæлæрвтыл йæ зæрдæ куы сивта зæххон лæг;
Идæдз æмæ сидзæргæс устыты хъарæг
Куы ныббадт Ирыстоны кæмтты цъæх мигъау;
Хангуассæйы цæссыг
Куы згъæлди бæгъатыр
Ирыстоны тохвæлтæрд риуыл –
Гъеуæд,
Мæ зынгхуыст фыдæлтæ,
Сымах
Уæ тугæрхæм хъæлæстæй
Самыдтат зарæг –
Сæрибары зарæг.
Сымах
Нæ бафтыдта тасы
Адзал æмæ царды æрæмных...
Æнусты цæринаг фыдæлтæ!

III

Цы зæгъа уæ фæстæ
Уæ фæндон,
Уæ хъæстæ,
Уæ кæстæр,
Уæ тугвæдыл фидæнмæ цæуæг поэт!
О, хай мын нæ уыдис уæ уындæй:
Куы рантыстæн дунемæ, уæд
Уæ иунæг дæр а зæххыл нал уыд...
Фæлæ –
Кæд ратылди сау хохæй урс дур!..

IV

– Нæй мæрдтимæ дзурæн! –
Зæгъын мын пигмейтæ.
– Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы! –
Дзуапп радты мæ бæсты Къоста.
Уæдæ уæд ныхæй-ныхмæ ‘рлæууæм,
Хæстонтау.
Куыд зæгъут? «Æхстбæрцмæ?»
– Нæ, уæ хæстæг н‘ амоны фадат...
Фæлтау, цæй, кæрæдзимæ ‘рцæуæм...
дзырдбæрцмæ!

V

Фæрсут мæ: «Нæ тырыса абон цы баци?»
Зæгъын уын:
Уæ тырыса абон ис фидар æрмныхты,
Сæуæхсидау дунейы сæрмæ фæйлауы,
Æрвгæрæтты ‘нхъæвзы
Йæ рухс.

VI

Уæ фарстæн,
Уæ сæйрагдæр фарстæн
Фæндиаг дзуапп райстат... ныр та уæ
Æз афæрсон цъустæ –
Ныббарут цымыдис кæстæрæн!
Зæгъут-ма:
Уæ тугæй æфсæст зæххæй арæх
Цæмæн лæсы алы хъылма ‘взар?
Цæмæн вæййынц зыд æмæ хахуыр
Ирон лæджы худæй уæлдæр?
Сымах дæр – иу онгты ‘рхаудтат?
Зæгъут-ма,
Цæмæн вæййы афтæ:
«Бæрзонд идеалтыл» хъæрахстгæнгæ
ф‘ аргъауы лæг,
Йæхиау лæгъз дзурыныл
бафтауы бирæты ноджы...
Æрмæст
Зын сахат сæ удтæ æрхæссынц нывондæн
Фыдыбæстæн йе ‘цæг хъæбултæ.
Стæй ноджы –
Куыдмадзурадæрæй...
Цæмæн вæййы арæх мæнг ныхас
Хъуыддагхуыз агъуды бæстон тыхт?
Зæгъут-ма:
Ау, хæсты быдыры
Фыдгулы нæмгуыты бын чи
уыд хæдамад гæнахау,
Кæй не ‘фтыдта тасы
Адзал æмæ царды æрæмных,
Уый абон куыннæ у
Уæд та ма хæрз чысыл рæстдзинад зæгъынхъом?
Куыд лæууы цагъарау сæркъулæй
Хъуымыздзых чиновничы уаты?
Цæмæн ныууæй кæны йæ намыс
Карьерæйы иунæг уылынгыл!
Сымах дæр-иу уый онгты ‘рхаудтат?
... Æныгусæй бадут.
Нæ дзурут...
Фæлæ уый нæу разыйы дзуаппы нысан...



Аци циртдзæвæн æвæрд æй, бæтæхъойгъæуккæгтæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг райгурæн бæсти сæрбæлтау ка фæммард æй, уонæн.

### КАР

Сырхзынг нæмгуытау, Ивгъуыды фæныкыл
Мæ царды бонтæ уарæгау кæнынц.
Чысыл æртытау, дарынц уым бæрджытæ
Æмæ сæм тавын Абонæй мæхи.
Цæуын мæ кары.
Зноны лæппу нал дæн.
Мæхицæн мын ныр кæстæртæ æгъдау
Кæнынц: куы мын мæ уæлдай нуазæн айсынц,
Куы та мын раттынц Ныхасы бынат.
Æхсызгон мын куыннæ вæййы, уæвгæ та!
Фэлæ фесхойы зæрдæсæр цыдæр:
Кæд фаг лæггад нæ бафтыди мæ къухты
Мæ хистæртæн... Уæд къахырбыл - мæ цард...
Æмæ кæд нал и рагбонтæм ыздæхæн,
Нæ баззайдзæни хæс уæддæр мæныл:
Мæ кæстæртæн уыдзæни Абон Ивгъуыд,
Æмæ сын уадзын Абоны мæ уд,
Мæ рæнхъытæ – мæ уды урс цæхæртæ.

Номдзуд геолог, Казахстани наукити æскъуæлхт архайæг, Ленинон æма ССР Цæдеси премити лауреат Мудойти Цæрайи фурт Геуæргий райгурдбæл 30 июни æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1901-1991).




# НÆ ЗÆРДÆБÆЛ СИН ДАРДЗИНАН СÆ РОХС НÆМТТÆ...

Еци фудбони тугъд рахаста 1418 бони, Советон Цæдеси цæргутæй си бастъалдæй авд æма инсæй миллионемæ хæстæг адæймаги – фронти, фæскъилдуни, фашистон концлагерти...

Уомæ гæсгæ, 22 июнь нур дæсгай æнзти дæргъи нимад цæуй æма ни æруагæс кæнуй, идарддæр дæр нимад цæудзæнæй зæрдæбæлдарæн æма хъонци Бонбæл. Уой дæр айдагъ мах бæсти нæ, фал хъæбæр берæ фæсарæйнаг паддзахæдти рæстзæрдæ дзиллæн дæр иссæй имисуйнаг.

Куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ Цæгат Иристони дæр 22 июни арæзт æрцудæй аллихузон номерæн мадзæлттæ. Нæ дзиллæй алкедæр æхецæн ихæсбæл банимадта, Устур Фидибæстон тугъди ка фæммард æй, еци зингхуст адæми ном æнсувæрон ингæнти рази еу минут æнæстуфæй ралæугæй æримисун.

Дзæуæгигъæуи Намуси Аллейи мемориал æма Гизæли сæрмæ, «Барбашови будур», зæгъгæ, ке хонунцæ, еци мемориалмæ деденгутæ æма венокти хæццæ æрбацудæнцæ: Цæгат Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйло, нæ республики Хецауади Сæрдари ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Тускъати Таймораз, Парламенти Сæрдар Алексей Мачнев, районти сæргълæугутæ, министрадтæ æма алли ведомствити, тухи структурити дæлхайæдти косгутæ.

Метрономи цæлхъитæмæ еу минут æнæдзоргæй ралæугæй, иссирдтонцæ æдзард тугъдонти ном.

Цуппаринсæй анзи рацудæй еци фудæбонæй, æверхъау тугъд нин нæ Фидибæсти колдуæрттæ ку байгон кодта, нæ адæмæн æгæрон фидбилизтæ æма гъезæмæрттæ хæсгæй, уæдæй нури уæнгæ. Æма кæд акъоппити къæхтитæ зæнхи æмбæрцæ ислигъз æнцæ æма уоййасæбæл нæбал зиннунцæ, сугъд сахарти фунук кæд рæстæгути думгæ фæххаста, нæуæг фæлтæртæ кæд багъомбæл æнцæ, уæддæр еци тугъди гъæдгæнтти рист нæ нидæндæр кæнуй нæ зæрдити. Еци ристи хæццæ ба ма си æностæмæ байзайдзæнæнцæ, нæ бæстæмæ æрбалæборæг немуцаг фашисттæн фиццаг нихкъуæрд ка равардта, уой фæсте ба, тугъди райдайæни зиндзийнæдтæн, къуæхцитæн ниффæразгæй, знаги æгъатирæй дæрæн кæнгæй æй сирддон лæгæтмæ ка фæссурдта æма 'й уоми ка ниххорх кодта, уони рохс нæмттæ æма æскъуæлхтдзийнæдтæ... Æносон уодзæнæй уæ кадæ, уæ цитæ.

Æма кæронбæттæни ба нæ фæндуй Малити Васой æмдзæвгæ «Номерæн» æнæгъæнæй рамухур кæнун:

*Нæ фыдæлтæ! Лæгæн йæ бартыл*
*Уæ цард кæд æвгъау кодтат, кæд?*
*Фæлæ-иу туджы 'ртах уæ кардыл*
*Зырзыргæнгæ куы 'рлæсти, уæд*
*Уыдтат: лæгдых æма æхсарæй*
*Нæй ссарæн ног цардмæ фæндаг,*
*Æмæ-иу цæстыты раз тарæй*
*Куы сыстад дард фидæны уаг...*
*Уæ зæрдæ уын гуырысхо 'вдæрзта,*
*Уыди фæстагæттыл уæ мæт.*
*Æмæ куы не 'руагътат уæ гæрзтæ,*
*Нæ зæххыл барджынæй уæ фæстæ*
*Рæстæг нæ ныммарзта уæ фæд:*
*Хуыздæр цы уыд уæ рухс сæнтты,*
*Уæ рæсугъд аргъæутты цы загъд и,*
*Уый агурæг лæджы хъуыды,*
*Тымыгъау тохмæ сидгæ стахти.*
*Мах хастам пиллон арт æрцытыл –*
*Сырх Тырыса – æнусон кад.*
*Зæххыл цы стырдæр тох æрцыди,*
*Гъе уым ирон туг дæр ныккалд.*
*Хуыссут, нæ тохвæллад фыдæлтæ!*
*Нæ зæрдыл дардзыстæм уæ ном.*
*Фæлæ уæ рох кадæджы зæлтæ*
*Мæ хъисфæндырæн йе 'лвæст тæнты*
*Æмбæхстæй дарын нæу мæ бон.*

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# УÆЛАХЕЗИ БÆРЗОНДАДÆ УÆЛАХЕЗГÆНÆГИ ХУЗÆН НЕКЕ ЛÆДÆРУЙ!..

Нæ Цитгин Уæлахез нæ Фидибæстæн фулдæрæй-фулдæр ке фæрци бантæстæй?.. Уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ ци уæрæсейæгтæмæ равардтонцæ, уонæн сæ фулдæр (64%) уотæ нимайунцæ æма Устур Фидибæстон тугъди рæстæг нæ бæстæ ке фæууæлахез æй, е, фиццаги-фиццагидæр, бантæстæй адæм æма хумæтæг тугъдонти фæрци (57%). Беретæмæ ба (42%) уотæ кæсуй, æма сæйрагдæр æй Генштаби æскъуæлхтдзийнадæ. Уой хæццæ зæгъун гъæуй, æма æрфарст дзиллæн сæ 88% куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тох кодтонцæ сæ хеуæнттæ. Куд игъустгонд æй, уотемæй Паддзахадон Думи депутаттæ фæндон бахастонцæ, цæмæй тугъди ветеранти æфхуæрæг миутæ нимад цæуонцæ нацистти æверхъаудзийнæдти раст кæнунбæл æма сæ амидингæнгутæ гъæуама æфхуæрд цæуонцæ уголовон æгъдауæй. Еци фæндони хæццæ арази 'нцæ æрфарст адæмæн сæ 64%, æ нихмæ ба – 28%.




## ЗУНДГИН ЗАГЪД ФАТ ÆЙ!..



*Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Сталин гъæуайкæнуйнади Паддзахадон комитети æмбурди, артаги къабази уæди бæрнон разамонæг Николай Байбаковæн байхæс кодта, цæмæй хъæбæр цубур рæстæгмæ байгон кодтайуонцæ нефти нæуæг игурæнтæ. Байбаков хъæбæр батухстæй, уæхæн цубур рæстæгмæ е нæ къохи нæ бафтуйдзæнæй, зæгъгæ. Уæд ин Сталин цубурæй загъта:*

*– Уодзæнæй нефть – уодзæнæй Байбаков, нæ уодзæнæй нефть – нæ уодзæнæй Байбаков!..*

*Еци дзубандий фæсте цубур рæстæгмæ нефти нæуæг игурæнтæ байгон æнцæ Татарстани æма Башкирий.*

Паддзахади разамонæг, æвæдзи, гъе уотæ карзæй ихæсгин кæна, æнæмæнгæ исæнхæсткæнуйнаг паддзахадон гъуддæгутæ кæмæн бабарæ кæнуй, еци министртæ æма хецаудзийнади бæрнон бунæттæ ахæссæг лæгти. Æндæр ба е куд æй – нæ бæсти Президент, паддзахадæн дæр æма адæмæн зингæ ка фæппайда уодзæнæй, уæхæн фæдзæхститæ цæйбæрцæ раттуй, сæ æнæмæнгæ исæнхæст кæнунбæл æновудæй ка гъæуама байархайа, етæ ба сæмæ цийфæнди цæстæй ракæсунцæ. Æма сæ зингæ-зингæ фулдæр хай æнхæстгонд не 'рцæуунцæ, уотид гæгъæдибæл финстæй байзайунцæ. Ке фудæй уотæ рауайуй, уонæй ба дзуапп агурд нæ цæуй, некæцихузи æфхуæрд баййафунцæ сæ комкоммæ гадзирахат миути туххæй. Æма етæ дæр æгириддæр нецæмæй тæрсунцæ... Уомæ гæсгæ ба нæмæ æгæр исберæ 'нцæ тухсунгæнæг фарстатæ...



**Гай САЛЛЮСТИЙ Крисп, рагонромаг историк: «Кадæр уотæ, тугъд, дан, мæгурти исафуй...» Антисфен (рагонбердзенаг философ) ба ин дзуапп равардта: «Нæ фал мæгурти нимæдзæ дзæвгарæ фулдæр фæккæнуй...»**

Аци дзурдарæхст лæгтæ дууемæй дæр, æвæдзи, раст æнцæ. Фал махбæл, Уæрæсей хумæтæг дзиллæбæл абони æнæтугъдон уавæри тугъдон дзаман цæмæн никкодта? Дессагæн: фарæ, сауæнгæ пандемий тæккæ тухстаг уавæрти дæр, уæрæсейаг бонгинæй-бонгиндæртæ æгириддæр нæ фæммæгурдæр æнцæ, уой хæццæ ба ма сæ бæрцæ фæффулдæр æй æма абони æнцæ 500. Еци рæстæг ба нæмæ фæффулдæр æй мæгурæй-мæгурдæр ка цæруй, уæхæнтти бæрцæ – 21 миллион адæймаги. Росстати нимадмæ гæсгæ, æцæгæй ба, æвæдзи, уодзæнæнцæ 35-41 миллионемæ хæстæг...



**Михаил ЛОМОНОСОВ (1711-1765), номдзуд уруссаг ахургонд: «Дæхе мæнгæ гъудити фарс рахуæцун æй еске раст гъудити фарс рахуæцун кадгиндæр æй...»**

Аци загъд, бæргæ, зундихуасæ ку фестидæ, нæ паддзахади гъуддæгутæ аразун ке бæрни æй, уонæн. Уомæн æма сæ миутæмæ гæсгæ адæймаг уотæ дæр расагъæс кæнуй, цума уонæй беретæ еске раст гъудитæ балæдæрунгъон нæ, фал ма уотид гъудикæнунгъон дæр нæ 'нцæ. Кæд уотæ нæй, уæд нæ абони цардарæзти нæ хъоргæнæг æдулидзийнæдтæ уоййасæбæл цæмæн исберæ 'нцæ?..



**Элберт Грин ХАББАРД (1856-1915), америкаг финсæг: «Устур искурдиади хецау ка 'й, уонæй алкæмæндæр ес æхе арæнтæ, искурдиадæй цох хомух ба арæнтæ æгириддæр нæ зонуй...»**

Е, æцæгæйдæр уотæ ке 'й, уой абони нæхуæдтæ нæ уинæн?!. Кæми ци къумухтæ ес, етæ, цæсгондзийнадæ æма æфсæрмий арæнтæ нецæмæ даргæй, кумæти ба нæ лæсунцæ: ка си депутаттæ, сауæнгæ Паддзахадон Думи дæр, æма сенатортæ раунцæ, ка си хецаудзийнади бæрзонддæр бунæттæмæ батомар кæнуй, ка си... Еузагъдæй, уони къохти бафтуйунцæ нæ паддзахади цардаразæг гъуддæгутæ, æма нин уæхæн æнарæхсгити фудæй нæ размæцуди, цæйбæрцæ гъæуама уа, уотæ не 'нтæсуй.

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, инæлар-майор Хъарати Николайи фурт Геуæргий райгурдбæл 24 июни исæнхæст æй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1891-1984).**

*Искурдиадæгин поэт Хъарати Ибрагим 1942 анзи барвæндонæй рандæ ‘й тугъдмæ æма уоми æнæбæрæгæй фесавдæй. Æ тугъдон финстæгутæй еуеми уотæ финста: «Тугъдон гъуддаг, уогæ ба, æнæуой граждайнаг цардæй еуцæйбæрцæдæр æндæрхузон æй. Рæвдзæ архайун гъæуй. Хъаурæгин æма арæхстгин ун – етæ гъæуама уонцæ тугъдони сæйраг-*



# БРЕСТИ ФЕДАР НÆ БАКУМДТА СÆТТУН

***Устур Фидибæстон тугъди райдайæнæй хабæрттæбæл дзоргæй фиццагидæр æримисæн Брести федар. Уомæн æма, немуцаг-фашистон æрдонгтæ Советон Цæдесмæ æверхъауæй ку æрбалæбурдтонцæ, уæд æ фиццаг цæф адтæй аци федарбæл. Аци федар син иссæй сæ размæмпурсти тæккæ агъазиаудæр хъоргæнæг. Брести федар гъæуайгæнæг советон арæнтæгъæуайгæнгутæ 1941 анзи 22 июнæй ба июли инсæйæймаг бæнтти уæнгæ гъæддухæй тох кодтонцæ знаги нихмæ.***

***Брести федар гъæуайгæнгути ‘хсæн знаги нихмæ тох кодтонцæ нæ Фидибæсти дæс æма инсæйемæй фулдæр адæмихæттити минæвæрттæ дæр. Уонæй еу – Мамукъати Таймораз. Мæнæ ин дæлдæр ци имисуйнæгтæ мухур кæнæн, уони ниффинста 1960 анзи Брести федари музейи, æма, аци федар гъæуайгæнгути бæгъатæрдзийнади туххæй рæстдзийнадæ кæрæй-кæронмæ исбæлвурд кæнунбæл уодуæлдайййæй ка бахъиамæт кодта, еци зундгонд финсæг С.С. Смирнови курдиадæмæ гæсгæ. Мамукъайфурт æхуæдæг куд загъта, уотемæй барæвдзæдæр кæнуйнаг бæргæ ‘нцæ. «Перечитав свои воспоминания об обороне Брестской крепости, мне теперь ужасно неудобно перед вами читатель. Вместе с тем я сохраню эти записки в той же редакции, как ценности, ибо в них – правда...»***

***Æма сæ мухур кæнæн, æхуæдæг æ имисуйнæгтæ куд ниффинста, уотемæй.***



Æз службæ кодтон 125-аг фестæгæфсæддон полкки 1940 анзи 8 февралæй Устур Фидибæстон тугъди райдайæнмæ. Не ‘фсæддон хай адтæй Брести федари, фал тугъди фиццаг бон æ сæйраг дæлхайæдтæ адтæнцæ сæрдигон лагерти. Мæн æфсадмæ ракодтонцæ Кубани медицинон институти 4-аг къурсæй, æма фиццаг адтæн 3-аг батальони фельдшер, уой фæсте ба полкки санитарон хайади афтеки хецау, цуппар мæйи æнхæст кодтон санитарон служби хецауи ихæстæ, сгаргути сæрдигон ахури адтæн медсанхайади хецау. Фидибæсти тугъди райдайæнмæ нæ къуар æрæздахтæй Брести федармæ. С.С. Смирнов æ киунуги ке кой кæнуй, уони хуарз зудтон, уони хæццæ капитан Шабловскийи, кæстæр лейтенант Коломнейци, медслужби лейтенант Абакумови æма иннети. Нæ полкки адтæй берæ тугъдонтæ Цæгат Иристонæй, зæгъæн, Билаонти Дудар, Купештох, Александр Кулебякин, Сæбанти лæхъуæн, Мæрзати Михаил, Ботъоти лæхъуæн, Акъоти Тох æма берæ æндæртæ.

Уæдæй нури уæнгæ берæ рæстæг ке рацудæй, уомæ гæсгæ, 1941 анзи 22 июни Брести федармæ æмпурсæг немуцаг фашистти нихмæ фиццаг ка ‘рлæудтæй, еци бæгъатæр тугъдонтæн сæ еугурей муггæгтæ æма нæмттæ бæлвурдæй нæбал гъуди кæнун.

Фал уой ба ма хуарз гъуди кæнун, æма 21 июни сæумæраги дæр бæрæг адтæй, хорбон ке уодзæнæй, арв адтæй дессаги кæдзос. Еуæй-еу хатт арвгæрон фæззиннидæ мегъи пъæстутæ. Гъар думгæ кодта.

Уæхæн бонæй адæймаг зæрдрохс куд нæ кæндзæнæй, фал мах, арæнтæмæ хæстæг ка адтæй, еци æфсæддонти тухсун кодта, немуц фæстаг рæстæги сæ гæрзефтонг тухтæ Советон Цæдеси арæнтæмæ хæстæг ке æмбурд кæнунцæ, е. Æхсæвæйбонæй ластонцæ се ‘фсæддон техникæ, римахстонцæ сæ гъæмпи, хуаси ласгути кенæ ба кæттаги буни. Еци миутæ хумæтæг адæми дæр таси æфтудтонцæ, æрхъæртиуонцæ нæмæ сæ тухст уайдзæфтæ:

– Ци косетæ, æмбал æфсæддонтæ, цæмæннæ цæттæ кæнетæ уæхе тохунмæ, немуц се ‘фсад нæ арæнтæмæ ку æмбурд кæнунцæ, уæд?..

Тугъди хуæдразмæ бони (21 июни) нæ дæлхайæдти командиртæ рандæ ‘нцæ ахуртæмæ сахар Кобрини ‘рдæмæ. Федари ци артиллери æма танктæ адтæй, уони райхалдтонцæ радон «профилактикон æркастмæ».

### ЦИ БАЛÆДÆРУН МА НÆ ГЪУДÆЙ – РАЙДÆДТА ТУГЪД...

Бони дууæ сахатти адтайдæ, уотæ идарддзæф фæззиндтæй немуцаг æфсæддон хуæдтæхæг. Нæ уæлдæфон арæнтæ фехалгæй, цалдæр хатти æрзилдæй федари æма сахар Брести сæрмæ. Еци рæстæгмæ хуæдтæхæг, æвæдзи, исбæрæг кодта не ‘фсæдти лæууæн бунæттæ æма æндæр цидæр хабæрттæ. Хуарз ма ‘й гъуди кæнун, мах нæ еугур дæр куд æнгъæлмæ кастан: мæнæ нуртæккæ фæззиндзæнæнцæ нæ уæлдæфон гъæуайгæнгутæ, фал, гъулæггагæн, нæ фæззиндтæнцæ, цалинмæ немуцаг хуæдтæхæг фæстæмæ нигулæнмæ ратахтæй, уæдмæ.

Æрæгиау фæззиндтæнцæ нæ дæрæнгæнæг хуæдтæхгутæ æртемæй. Мах кæрæдземæ бакастан, уотæ æрæгæмæ ке фæззиндтæнцæ, уой туххæй сæбæл нæ зæрдæ фæххудтæй. Раздæр уæхæн уавæри гъæуайгæнгутæ уайтæккæ февзуриуонцæ уæлдæфи, фал аци хатт (сабати, 21 июни) цæмæдæр гæсгæ уотæ нæ адтæй.

Еци бон изæрæй нæ полкки клуби æвдистонцæ кинонивæ, кæд нæ рæдуйун, уæд, «Семеро смелых». Æфсæддонтæ сæ медастæу кæрæдземæн дзурдтонцæ, цума, дан, федари фæззиндтæнцæ циуавæрдæр нæуæг «сурхæфсæддонтæ» æма «командиртæ», цума етæ немуцаг сгаргутæ адтæнцæ.

Æгæр ке исберæ ‘нцæ цидæр æнæлæдæрддзийнæдтæ, уомæ гæсгæ ба нин еци рæстæг цидæр æнадæдзийнади хузæн адтæй. Не ‘фсæддонти æма нæ командирти къæрцгъосдзийнадæ фæннидæндæр æй циуавæрдæр «сосæг бардзурди» туххæй, гъома, дан, немуци хæццæ нæ рахастдзийнæдтæ нæ карз кæнæн æма уони ‘рдигæй цийфæнди ахъелæн миутæ арæзт ку цæуа, уæддæр бухсун гъæуй, гъæуама син маци дзуапп дæттæн. Мæнмæ гæсгæ, еци «сосæг бардзурд» зингæ фæллæмæгъ кодта кæрцгъосдзийнадæ куд арæнтæмæ хæстæг æрбунатгонд æфсæдти, уотæ мах æфсæддон хаййи дæр. Гъе уотемæй, катайтæ æма гъенцунтæ кæнгæй æрвистан еци æхсæвæ дæр федари.

Æз службæ кодтон цæлгænæни команди фельдшерæй. Бон фæцæй. Еугур дæлхайæдтæ дæр сæ фæллад уагътонцæ, гъæуайгæнæг нарядæй фæстæмæ.

**...Цæлгæнæни фарсбæл ауигъд сахат æвдесуй 3 сахатти æма 55 минутти, 1941 анзи 22 июнь. Æнæнгъæлти федарбæл ехуарæгау кæлун байдæдтонцæ дзармадзанти нæмгутæ. Сæ гæбар-губурæн рабарæн адтæй арвигъæри хæццæ. Кæрæдзей гъæр нæбал игъустан. Ци балæдæрун ма нæ гъудæй, адтæй нæ адтæй, уæддæр тугъд ке райдæдта, уой. Райгъустæй фиццаг тугъдон бардзурд:**

**– Уæ хуæцæнгæрзтæмæ, æмбæлттæ!..**

**Æфсæддонтæ – уогæ уæд уайсахат фестадан тугъдонтæ – æма кæстæр командиртæ еугурæй дæр сæ хуæцæнгæрзтæ раскъафтонцæ, минкъий къуæрттæбæл фæддехтæ ‘нцæ. Мах хуæрæндони дуармæ фæцан. Цæлгæнæни æма полкки иннæ азгъунстити рохс рахустæй. Нæ алливарс – талингæ. Арв сугъдæй дзармадзанти нæмгути фехæлдтити артæй.**

Знаги артиллерий зингуолæн не ‘рæнцадæй, æвæдзи, еу-дууæ сахаттей дæргъи. Нæ фестæгæфсæддон полкки фæзуатбæл еу квадратон метр дæр æнæгъæнæй нæбал адтæй. Знаги дзармадзанти нæмгутæ рæмугътонцæ штаби рази, кæстæр командирти скъолай рази... Кæцæй нæ цæвунцæ, уой уайтæккæ нæ балæдæрдтан. Нæ къуар хуæрæндони азгъунстмæ ралигъдæй, нæ нисан адтæй зæнхи буни къазарматæмæ байервæзун æма нæ тугъдонти иннæ къуæртти хæццæ байеу ун.

Цæлгæнæнæй къазарматæмæ – итигъд бунат, уомæ гæсгæ нæ ихæс исæнхæст кæнун нин адтæй хъæбæр тæссаг. Фиццаг бал бургæ-бургæй бахъæрдтан, гъæуайгæнæн къанау Мухавецмæ хæстæг ци бæрзонд бæласæ адтæй, уой рæбунмæ. Бæласæ хуарз зиндтæй цæугæдон Буги билæй. Куд рабæрæг æй, уотемæй нæ еци рауæнæй комкоммæ æхста знаги артиллери. Дзармадзанти нæмгутæ рæмугътонцæ нæ тæккæ рази æма нæ фæккодтонцæ хъуæцæ, зæнхæ æма нæмгути æсхъести буни. Фезмæлæн нин нæбал адтæй. Райгъустæй нæ цæф æмбæлтти нæтун.

### НÆ ТУГЪДОН ÆМБÆЛТТÆЙ СÆ ФУЛДÆРЕМÆН СÆ ÆНОСОН БУНАТ ИССÆЙ ФЕДАРИ ЗÆНХÆ

Уотемæй нæбæл æрталингæ ‘й. Уой дæр – саудалингæ. Дæ хуæдфарсмæ ка ‘й, е дæр дæмæ нæ зиннуй. Куддæртæй бабастон нæ цæф æмбæлттæй еуей къох, иннемæн æ сæр. Æндæр рауæнти дæр ма цæфтæ адтæй, фал мæмæ неци зиндтæй. Дуккаги куд бастон, уотемæй фæццæф дæн мæхуæдæг дæр. Фиццаг – мæ къах, уæдта – мæ рахес къох. Кадæр мин мæ цæфтæ бабаста.

Знаги дзармадзантæ еу усмæй æндæр не ‘нцадæнцæ. Æмбæлттæй кадæр æрбадзурдта, афонæ ‘й къазарматæмæ ести хузи байервæзун, зæгъгæ. Æма бæласи рæбунæй еугæйттæй бурун байдæдтан нæ нисани ‘рдæмæ, фал фиццаг ка бавзурста, етæ уайтæккæ уæззау цæфтæ фæцæнцæ. Фæстæмæ ма си ка раздахтæй, уони цæфтæ бабастан. Нæ къуарæй ма байзадæй айдагъдæр æртæ адæймаги, етæ дæр фæцæнцæ цалдæргай цæфтæ. Мæ хизини адтæй 42 медицинон предмети дзæбæх æфснайдæй: бинттитæ, салфеткитæ, бæмпæг æма аллихузи незти нихмæ хуастæ. Тугъдон уавæртæн æнхæст ефтонггонд нæ адтæй.

Знаги дзармадзантæ нæ искæсун нæ уагътонцæ. Дуккаг хатт фæццæф æй мæ сæр. Нæ алливарс нæмгутæ ехуарæгау кæнунцæ. Тогниккалд не ‘нцайуй.

***дæр менеугутæ. Æз кæнун хумæтæг тугъдон лæги кой. Æфсади рæнгъити фулдæр ес уæхæн адæм. Æма етæ надбæл ку фæрраст унцæ, уæд уони æййафун гъуддаг æй. Е æ бон кæмæн нæй, е æй æнамонд. Дæ хæццæ ци фæсевæд уа, уони æмрæнгъæ цæун ба дæ бон ку уа, уæд дæхе гъæуама хонай амондгун...»***



Боницъæхтæбæл æхсун райдæдтонцæ сахар Брести 'рдæмæ. Нæмгутæй уæлдæр ба ма тахтæнцæ хуæцæнгæрзтæласæг планертæ. Еуминкъий исуолæфуни фадуат нин фæцæй æма къазармай æрдæмæ ратагъд кодтан, фал бабæй ни неци рауадæй. Идардмæ нæмæ зиндтæй, нæ тугъдонтæ еугæйттæй хуæцæнгæрзти, артиллерий скълæдти æма бæхдæнтти 'рдæмæ байервæзунбæл куд архайдтонцæ, е.

Артиллерий райййивтонцæ знаги диверсантти пулеметтæ æма автоматтæ, цубур рæстæгмæ байахæстонцæ æхсунæн бæзгæдæр бæрзæндтæ, æма махуæнттæн нæбал адтæй байервæзæн къазарматæмæ, хуæцæнгæрзти æма хуайраги скълæдтæмæ, бæхдæнттæмæ.

Нæмгути «ехуарун» фæккарздæр æй, ахидæй-ахиддæр кодтонцæ знаги амонæн ракетитæ. Игъусун нæмæ байдæдта немуцаг дзубанди. Полкки штаби азгъунстити, полкки скъолай æма фиццаг батальони 'рдигæй ба знаги æхстонцæ нæ дæлхайæдтæ. Цалдæр адæймаги ба ма æхстонцæ цæлгæнæн æма хуæрæндонæй, над ракъæрт кæнунмæ гъавтонцæ артиллерион парки 'рдæмæ. Фал мах уавæр нæ фенцондæр æй. Нæ минкъий къуармæ нæбал байзадæй гилдзитæ. Æндæр хуæцæнгарз ба нæмæ нæ адтæй еци рæстæг. Æнæ гранаттæ æма гилдзитæй федар гъæуайгæнгæй, нæ командæй фулдæр фæммард æнцæ знаги нæмгутæй. Цæфтæ итигъд будури байзадæнцæ æнæ медицинон агъазæй. Уони хæццæ адтæн æз дæр уæззау цæфтæй. Нæ тугъдон æмбæлттæй сæ фулдæремæн, сæ тоги æвдулгæй, сæ æносон бунат иссæй сæ уарзон федари зæнхæ.

Немуцаг æфсæддонтæ нæмæ æрбахæстæг æнцæ. Еци рæстæг сæ къазарматæй нæхеуæнттæ æхсун райдæдтонцæ пулеметтæй. Фал нæ дæлхайæдти уавæр уæззаудæр кодта. Нæ адтæй бастдзийнадæ æфсæддон дæлхайæдти хæццæ, ка фæййагъаз кæна, е нæййес. Бони кæронмæ къазармати хъауритæ æрлæмæгъ æнцæ, æвæдзи, цæмæй хуæцонцæ, е нæбал адтæй. Фæстæдæр нин Кулебятников куд радзурдта, уотемæй не 'мбæлтти еу хай сæхе байауун кодтонцæ 125-аг полкки зæнхибуни къазармати æма федар гъæуай кодтонцæ 1941 анзи 3 июли уæнгæ.

## ФЕДАРИ СÆРМÆ НÆ СУРХ ТУРУСА ДÆР ИССÆЙ ЗНАГИ НИХМÆ ТОХГÆНÆГ

Мæ имисуйнæгти дуккаг хайии радзордзæнæн, нæ сурхæфсæддонтæ æма кæстæр командиртæй немуцаг уацари ка бахаудтæй, етæ фиццаг рæстæг сæхе куд дардтонцæ, уой туххæй. Никки ма радзордзæнæн, танктæй, артиллерий æма æндæр æхсæн техникæй гæрзефтонг, устур фашистон æфсад æма советон æфсæдти минкъий къуар федари астæу куд хуæстæнцæ, уой туххæй.

Ме 'мбæлтти агъазæй мæн, фæстаг хатт ма кæми фæццæф дæн, уордигæй бакодтонцæ уацайрæгти æмбурдгæнæн бунатмæ – къанау Мухавеци рахес фарси 125-аг фестæгæфсæддон полкки хуæрæндони азгъунстмæ хæстæг. Бæрзондгомау бунат ке адтæй, уомæ гæсгæ нæмæ хуарз зиндтæй, алфамбулай цитæ цудæй, е.

Алкедæр ни цæттæ адтæй æнæуинон знагæй не 'мбæлтти маст райсунмæ. Нур фæууидтан фашистти æцæг цæсгон. Гъæр нæбæл кодтонцæ, сæ бон куд адтæй, уотæ, кæд син сæ дзубанди нæ лæдæрдтан, уæддæр:

– Исбадæ!.. Æрхуссæ!.. Ислæууæ!..

Æгъатирæй нæ цавтонцæ сæ къæхтæй, автоматти гъæдтæй. Сæ афицертæй еске ку фæззиннидæ, уæдта никки фæккарздæр кæниуонцæ сæ миутæ, нæ аурстонцæ фудцæфтæбæл.

Еууæхæни не 'мбæлттæй еу, немуцаги æфхуæрдæн нæ бабухстæй æма ин æ тумбул къохæй æ цæсгон ниццавта. Уайтæккæдæр лæхъуæни еуварсмæ ракодтонцæ æма 'й фехстонцæ.

Уæззаудæр цæфтæ ка адтæй, уони нæ ауун бакодтан, цæмæй сæмæ немуцæгти къохтæ ма бахъæрдтайуонцæ. Æндæр нецихузи багъæуайгæнæн адтæй нæ мæлæтдзаг цæф æмбæлтти, æндæр син нецæмæй фæрраæуæгдæр кæнæн адтæй сæ гъезæмæрттæн.

Немуцæгтæ нин не 'мбæлттæй цалдæрей бал рамардтонцæ. Кæд уацари бахаудтан, уæддæр ни федарæй æруагæс кодта, нæ тох ке нæма фæцæй, е. Цалдæр хатти нæмæ бадеголæ кодтонцæ. Уомæй уотæ истухстан æма нæ дзиппитæ усхъуммæ хаттæй ниууагътан. Деголи кезу мæнмæ ку æрхъæрдтæй, уæд мæ немуцаг сæ тæлмацгæнæги агъазæй бафарста:

– Ду командир дæ?..

Æз неци загътон, фал мæ медицинон хизинмæ байамудтон. Уæддæр мæ е бабæй бафарста:

– Мадта дæбæл сæригъунтæ цæмæн ес?..

(Сурх Æфсади уæди дзамани фæткæмæ гæсгæ сæригъунтæ даруни барæ адтæй айдагъдæр командиртæн. – Ред.)

Уæд æй балæдæрдтæн, сæригъунтæмæ гæсгæ ке хецæн кæнунцæ командирти æма рæнгъон æфсæддонти, уой. Мæ хизин мин байгон кодта æма си исиста, ци бинт æма бæмпæги мортæ ма си байзадæй, уони. Исиста хиринкъа дæр æма си ралух кодта мæ гимнастерки дзиппити æгънæгутæ. Фæстæдæр æй куд балæдæрдтæн, уотемæй æй гъудæй мæ пилотки фондзтегъон стъалу. «Стъалутæмæ» гæсгæ нимадтонцæ æфсæддон уацайрæгти.

Мах нæхе састи бунати нæ нимадтан, æууæндтан, раги уа æви æрæги, уæддæр Брести федар нæуæгæй æнæгъæнæйдæр ке байсдзæнæй Сурх Æфсад, ка си хуæцуй, уонæн агъазмæ ке фæззиндзæнæнцæ нæхеуæнттæ.

Сæрмагондæй мæ зæгъун фæндуй, æма, федари колдуарæй хуæрæндони азгъунсти уæнгæ фæзуати ци тох цудæй, е, махмæ Мухавеци билæй хуарз зиндтæй (æз уæдмæ дууæ хатти фæццæф дæн). Махуæнттæ еудадзуг не 'хстонцæ, гилдзитæбæл ауæрдгæй, фал нисанæй нæ цудæнцæ. Немуц уой лæдæргæй, æргом рацæун не 'ндиудтонцæ дони рахес фæрсти. Айдагъдæр танкти ауюн равзариуонцæ фезмæлун. Цæйбæрцæ фæййархайдтонцæ, не 'фсад кæцæй æхстонцæ, еци бунæттæ исрæмодзунбæл, фал æгириддæр сæ къохи не 'фтудæй, кæд артиллерийæй дæр, танктæй дæр архайдтонцæ, уæддæр. Нæ пулеметти æма автоматти æстæнгай æхститæбæл немуц еугур артиллерион хъаурæй «дорадзагъд» кодтонцæ. Нæ къазармати фæрстæ дессаги федар разиндтæнцæ æма гъæуай кодтонцæ знаги нæмгутæй не 'мбæлтти. Хъазарбæл ислæудтæй немуцæн аци операци. Дзæвгарæ рæстæгмæ уорæд æрцудæй ами сæ размæмпурст. Фиццаг бæнтти дæргъи федари аци хайбæл немуцæн сæ бон нæ бацæй размæ ракъахдзæф кæнун.

**Цæмæдессаг æй, нæ Сурх Туруса немуцаг гæрзефтонг тухти хæццæ куд тох кодта, е дæр. Нæ тугъдон æмбæлттæкæцæй æхстонцæ, уордигæй ахид радариуонцæ тугъдон Сурх Туруса. Немуц ибæл балæууиуонцæ аллихузон артиллерион нæмгутæй, пулеметтæй, автоматтæй æма æндæртæй. Туруса 10-15 минутти æ бунатæй нæ фезмæлидæ, уæдта бабæй æй рæстæгмæ фæййауун кæниуонцæ.**

**Знаги размæмпурсæг тухтæ æхердæмæ здахгæй, Сурх Туруса знаги барæ-æнæбари дæр харз кæнун кодта æ тугъдон фæрæзнитæ, хъауритæ, сæйрагдæр ба немуцаг-фашистон гадзирахаттæй нæмæ æрбалæборгутæн равдиста, Сурх Туруса федар къохти ке 'й, советон адæм сæ Фидибæсти знаги нихмæ уæлахези уæнгæ тох кæнунмæ цæттæ ке 'нцæ.**

Тугъди фиццаг бон, 22 июни изæрæй мах, цæфтæ æма æнæхъаурæй тухххæйти æзмæлæг уацайрæгти немуц ратардтонцæ Нигулæнмæ цæугæдон Буги сæрти. Фæууидтан ма, Брести федари фæрстæбæл куд феллауй нæ цитгийнаг Сурх туруса. Е адтæй, Брести федари ма знаги нихмæ æхсаргинæй ка тох кодта, нæ еци бæгъатæр тугъдон æмбæлтти къохи.



Циртдзæвæн Бресты федари æ гъæуайгæнгутæн

## РÆСТДЗИЙНАДÆ ГЪÆУАМА КÆРÆЙКÆРОНМÆ БÆЛВУРДГОНД УА...

**Советон тугъдонтæй сæмæ уацари ка бахаудтæй, уони немуц Нигулæни æрдæмæ тæрун байдæдтонцæ. Æма æнæбари уордæмæ ранæхстæр угæй, нæбал уидтан, федари медæгæ ка байзадæй, нæ еци тугъдон æмбæлтти, фал нæ цæститæбæл гъазтонцæ сæ цæсгæнттæ, нæ зæрдитæ байзадæнцæ уони хæццæ. Етæ дæр, æргуагæс ни кодта, сæ гъудити, тæрегъæд нин кæнгæй, фæндараст нæ кодтонцæ, æруагæс си кодтайдæ, уæззау уацари нин ци æверхъаудзийнæдтæ æвзаргæ рауайдзæнæй, уонæн ке нибхухсдзинан, ке иссердзинан равгæ уордигæй райервæзунæн æма цифуддæр знаги нæуæгæй дæрæн кæнун ке байдайдзинан. Нæ тохгæнæг æмбæлтти тугъди туфули æнæбари уадзгæй, нæ зæрдитæ нæ реугудурти фæрстæбæл сæхе фуртухстæй бæргæ хуастонцæ, æндæмæ бæргæ рæдувдтонцæ, фал ци ракодтайанæ, нæ уавæри нин бухсунæй уæлдай æндæр гæнæн нæбал адтæй.**

Немуцаг уацари ме 'мбæлтти фулдæр хай рамардæнцæ стонгæй, уазалæй, сæ фурмæстæй, незтæ æма гъезæмарæй. Фашистон уацари берæ лагерти фæдтæн, бавзурстон си еугур гъезæмæрттæ дæр. Мæ зæрдæбæл æй бадардтон фашисттæн сæ еци æверхъаудзийнадæ дæр, æма æфсæддон уацайрæгти, хумæтæг адæми исафунæн фашисттæ æримистонцæ æма æнæтæрегъæдæй пайда кодтонцæ дæсгай мадзæлттæй. Истори гъæуама ма басосæггаг кæна, æма, цийфæнди берæ рæстæг ку рацæуа, уæддæр карзæй-карздæр тæрхон рахæсса еци лæгхуарти миутæн.

***1960 анз.***

## РЕДАКЦИЙÆЙ

*Мамукъати Тайморази аци гъудимæ гæсгæ, уой зæгъун гъæуй, æма уомæн æхе цардвæндаги хабæрттæ дæр æнцæ агъазиау киунуги аккаг. Куд æй базудтайтæ, уотемæй адтæй Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд нæ бæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæборæг немуцаг-фашистон æрдонгти фиццаг агъазиаудæр цæф кæбæл рауадæй, еци намусгин Бресты федари гъæуайгæнгутæй еу. Полкки санитарон хайади хецау уогæй, æртæ хатти фæццæф æй тугъди фиццаг бон, æ тог калдта, уотемæй бахаудтæй фашистти къохмæ. Фал уацари нæ расастæй æ нифс, не 'ркъолæ кодта æ сæр знаги размæ. Еу дæнцæн: Тайморази хæццæ уацари адтæй дзиуиттаг Б.Н. Нивельсон. Немуц æй ку базудтайуонцæ дзиуиттаг æй, уой, уæд æй уайтæккæдæр фехстайуонцæ. Æхе цардæн тæссаг адтæй, фал Тайморазь Нивельсони исахур кодта иронау дзорун æма 'й фæййервæзун кодта мæлæтæй, ирон æй, зæгъгæ.*

*Мамукъай-фурт 1944 анзи ралигъдæй концлагерæй, æма французаг партизантæмæ байервæзгæй, хъазауатонæй тох кодта фашистти нихмæ Уæлахези бони уæнгæ. Тугъди фæсте каст фæцæй Цæгат Иристони медицинон институт, куста Дигорай æма Дзæуæгигъæуи сæйгæдæнтти сæйраг дохтирæй, æ зæрдæ æнæвгъауæй лæвардта сæйгитæн, æ зонундзийнæдтæ – студенттæн. Æ царди фæстаг бони уæнгæ Мамукъати Таймораз байзадæй ездон, хуæдæфсармæ адæймагæй, дохтири намус кæдзосæй ка багъæуай кодта, уæхæн лæгæй.*

*Никки еума ахсгиаг хабар. Евгъуд æноси æхсайæймаг æнзти нæ бæсти газеттæ æма журналтæй цалдæр фегъосун кодтонцæ, зундгонд антрополог М. Герасимови мадзалæй пайда кæнгæй, ирон хирург Мамукъати Таймораз ке искодта ирон паддзахи фурт Дауит Сослани скульптурон портрет. Уой туххæй нæхе республикон газеттæй уæлдай ма финстонцæ газеттæ «Советская Россия», «Неделя», «Кутаиси», журналтæ «Знание – сила», «Советский Союз» æма æндæртæ.*

*Сæрикъудурмæ гæсгæ, скульптурон портрет исаразгæй ма, Таймораз Сослани стæгдарæн искодта анатомион æртасæнтæ æма исбæрæг кодта, маргæ 'й ке ракодтонцæ, уой. Хирург æма антрополог Мамукъати Бариси фурт Таймораз уой туххæй ниффинста киунугæ «Тайна Нузальской часовни» (рацудæй рауагъдадæ «Ир»-и 1968 анзи) æма ирон адæмæн сæ зæрдæбæл æрлæуун кодта, фулдæр таурæхъти фæрци ке зудтонцæ, еци Дауит Сослани. (Ирон æфсæддон разамонæги ном æ кадæнгæ «Стайи цармдарæги» иссирдта Шота Руставели дæр). Сослан хъæбæр игъустгонд адтæй æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæй, устур хъаурæ æма нифсæй. Æ рæстæги Гурдзий къохи адтæнцæ Фæскавказ, Цæгат Кавказ, Минкъий Ази. Сослани разамундæй аци паддзахади æфсад уæлахез кодта Перси, Турки, Византийи æфсæдтæбæл...*

*Газет «Социалистическая Осетия» 1944 анзи октябри ниммухур кодта кæстæр лейтенант Николай Репкой уац «Сæрустур ан иристойнаг тугъдонтæй». Æма си уотæ финста: «Не ‘фсæддон хаййи берæ ес иристойнаг бæгъатæр тугъдонтæ. Етæ сæхе равдистонцæ æма æвдесунцæ æцæг патриоттæй. Æнцæ нæ Райгурæн бæстæ – Советон Цæдеси еузæрдиуон фурттæ, æ сæребарæдзийнади сæрбæлтау хъазауатонæй тох кæнунцæ знаги нихмæ...»*

# КÆРÆДЗЕЙ ФУЛДÆР УАРЗТАН...



ХУЗИ: Катя (лæууй), æ мадæ Хъарданти-Гæмаонти Марихан, æ хуæрæ Аренкæ, кæстæртæ – Катяй фидæ Зауæри æнсувæр Батæрбеги (Татæрей) цæуæт Виктор, Тæрхъан (Гæган) æма Борик (Марихани) гъæбеси. Хузæ ист æрцудæй 1939 анзи.

## ИМИСУНЦÆ ХЕСТÆРТÆ

Æз райгурдтæн рагон хуæнхаг гъæу Задæлески, Дигоргоми. Абони мæбæл æнзтæ дзæвгарæ цæуй, берæ рæстæг рацудæй уæдæй нурмæ, фал ми не ‘ронх кæнунцæ ме ‘взонг æнзтæ, нæ гъæуи уæди доги цард, нæ дзæбæх хестæртæ, ме ‘мгæрттæ.

Гъæубæсти сабийтæ æма фæсевæд хъæбæр æхцул адтæнцæ кæрæдзебæл, цардæнцæ лимæнæй, æнгомæй. Изæригæнтти аллихузон гъæзтитæй нæхе ерхæфстан. Зумæг ку уидæ, уæдта устур гъæдин тæгæнати сауæнгæ Уæллаг Задæлескæй Дæллагмæ бурдан бæрзонд къубурбæл. Æнафæнттæмæ фæгъгъазианæ. Еци æнзти зумæг хъæбæр берæ мет æруаридæ, уæдта уазалдæр хаста рæстæг.

Еу уæхæн зуймон бони нæ гъæуккаг Цакъоти Хъæрæсей кизгæ Оляй хæццæ Фæснæли гъæуæй (скъолай уоми ахур кодтан) рацудан нæхемæ, Задæлескæмæ. Ку æрхъæрдтан, уæд æрталингæ ‘й, хъæбæр фæуууазал æй. Оля мæ сæхемæ худта (е Дæллаг Задæлески цардæй, æз – Уæллаги). Æхсæвæ, дан, махмæ байзайæ, сæумæй ба иссæуудзæнæ уæхемæ, зæгъгæ. Фал ин æз нæ бакумдтон, ардигæй ардæмæ куд байзайон, зæгъгæ, рацудтæн нæхемæ. Берæ мæ нæбал гъудæй, уотемæй ба мет карздæр уарун райдæдта, мæ развæндаг нæбал уидтон. Еу устур мети хъæпæни ниххаудтæн æма нæдæр размæ, нæдæр фæстæмæ цæун нæбал адтæй мæ бон. Фуртухстæй кæун райдæдтон. Уæдмæ надбæл кадæр æрцæйцудæй æма мæмæ дзоруй, ка дæ, кæци дæ, зæгъгæ. Е разиндтæй Цагъати Догке (рохс дзенети бадæд), нæ синхи Хосиротæмæ иуазæгуати цудæй. Гъуддаг ку балæдæрдтæй, уæд мæмæ арф мети æрбалæгæрста æма мæ надмæ ракодта. Догке мин уоми нæ фæцæй, уæд, магъа, ци фæцайнæ.

Еци доги адæм кæд мæгур цардæнцæ, берæ цæмæйдæрти нæ хъæрдтæнцæ, тухст æййафтонцæ, уæддæр кæрæдзей фулдæр уарзтонцæ, æновуддæр адтæнцæ хеуонбæл, æмгарæбæл, гъæуккагбæл.

## МÆНÆ МÆМÆ ЦИ СÆКÆР ЕС!..

Еухатт ба рагуалдзæги мæ кæстæр æнсувæр Геуæрги изæрæй хæдзарæмæ не ‘рбацудæй. Цудæй ибæл, æвæдзи, еу æхсæз-авд анзи. Æрталингæ ‘й, уæддæр биццеу нæ зиннуй. Куд нæ искатай адтайанæ еугур бийнонтæй дæр, устур сагъæси бацудан! Агорун æй райдæдтан гъæуи алфамбулай, нæ синхæгтæ дæр нæ хæццæ, уотемæй. Ци нæ къум басгарстан, уæхæн нæбал байзадæй. Нæ мадæ Марихан фур мæтæй æхецæн бунат нæбал ирдта, æ уæргутæ ниххуайидæ, мæ биццеу æнæфидбилиз нæй, зæгъгæ.

Уæдмæ нæмæ гъæуккæгтæй кадæр фæххабар кодта, Геуæрги, дан, абони рæфтад кæнун афони еу сурхдигойраг уоси хæццæ, будур æрдæмæ хæрæгбæл бадгæй, райевгъудæй. Мах нæ кеми æрцудан, æгайтима æнæфидбилиз æй нæ биццеу, зæгъгæ. Фал имæ ниййергутæ ба бартхъерæн кодтонцæ, мæнæ, æрбацæуай, уæд дин фæууинун кæндзинан, зæгъгæ.

Цалдæр боней фæсте ме ‘нсувæр нæ гъæуккæгтæй кедæр хæццæ æрбаздахтæй Сурх-Дигорæй. Фудгин ке адтæй, уой лæдæрдтæй, æвæдзи, æма дуарæй куддæр æрбакастæй, уотæ æвваст исдзурдта: «Мæнæ мæмæ ци сæкæр ес!» Æма нæмæ æвдесуй уорс-уорсид сæкæри устур къæрт. Уой фæууингæй, нæ маст фæццидæр æй æма ходун райдæдтан. Фал ин уæддæр мадæ æма фидæ балæдæрун кодтонцæ, уотæ хевæндæ ун хуарз ке нæй, уой.

Ме ‘нсувæр Геуæрги ку рагъомбæл æй, уæд æфсадмæ рандæ ‘й. Службæ кодта идард Камчатки. Еууæхæни сæ зумæгон командир цалдæр æфсæддонемæй хуæдтолгæй рарвиста синхаг æфсæддон хаймæ. Надбæл биццеутæ карз бурдæни бахаудтæнцæ æма басудæнцæ.

Уой фæсте нæ мадæ Марихан пеци фарсмæ некæдбал балæудтæй, некæдбал батавта æхе пеци гъармæ, сауæнгæ хъæбæр уазал бæнтти дæр …

## ЦИ ДАРДТАН, ЦИ ХУАРДТАН...

Абони тукæнтти, базарти ци нæ уæледарæс, къахидарæс, ци нæ дзаумау балхæндзæнæ! Мах рæстæги ба уотæ на адтæй. Нæ мадтæлтæ нин хъумацæй дзабуртæбæл уæфситæ бахуйиуонцæ æма уони дардтан. Пъолцитæ, дæллаггуртæ, уæллаггуртæ дæр – хумæтæг хъумацæй. Фал е дæр кæми адтæй! Къалос, батинкæ нæ зудтан. Биццеутæ ба зумæги фулдæр дардтонцæ æркъетæ, сæ медæгæ фæсалæ, кенæ гъæмпæ, уотемæй. Сæртæбæл ба – уæлдзарм ходтæ.

Хуæргæ ба ци кодтан? Фонс берæ дардтонцæ хуæнхаг гъæути, уомæ гæсгæ уорсаг фагæ адтæй – цихт, месин, царв, хурхæ. Хъæбæрхуари инсад æма цихтæй конд къæлæуай адæ ма абони дæр мæ зæрдæбæл лæууй. Дон – хъæбæр уазал, кæдзос, хуæрзадæ. Кæми цардан, уордæмæ хæстæг гъæдин бæлæгъæй калдæй сауæдони дон. Æ игурæн ба адтæй бæрзонд Уорс хонхи бунмæ. Нæ мадæ сæрдæй-зумæгæй еци донæй æхснадта нæхемæ æхе æма еухатт дæр нæ фæссæйгæ ‘й. Махбæл ба дес кæнидæ, нæхе гъар донæй ку æхснианæ, уæд.

Сæрдигон хуардтан кæурæги, гæнгæлитæ, дзиликъутæ (хъæдори хæццæ фунхæй хъæбæр хуæрзадæ адтæнцæ), æндæр аллихузон кæрдæгутæ. Дабонæ голлæгути дзæгтæй æрхæссиуонцæ нæ хестæртæ. Ци ба нæ задæй нæ гъæди, нæ игуæрдæнти, нæ хезнити!

## ЗУДТОНЦÆ БÆРЦÆ...

Нæ гъæу Задæлески хестæртæ хебæлхуæцгæ адтæнцæ ниуæзти гъуддаги. Кæрæдземæн кодтонцæ таурæхътæ æма игъæлдзæг дзубандитæ, минкъийдæр – ниуазгæ. Арахъæн æ берæмæ нæ бæлдтæнцæ, зудтонцæ бæрцæ, фæткæ, расугæй си некæд неке фæууидтайсæ. Еу цалдæр ракувди фæсте сикъатæ еуварс æрæвæриуонцæ, айæ лæггæнæг нæй, зæгъгæ. Мæнæ нуртæккæ адæмæн сæ фулдæр ниуæзтæмæ куд æмхец иссæнцæ, уотæ уæд некæд адтæй…

## ФÆЙЙЕРВÆЗУН КОДТАН КОЛХОЗИ ФОНС

Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд Задæлески кустгъон нæлгоймæгтæ рандæ ‘нцæ фронтмæ, райгурæн зæнхæ гъæуай кæнунмæ. Байзадæнцæ ма айдагъдæр силгоймæгтæ, сувæллæнттæ æма зæронд лæгтæ.

Æз уæд кустон фæскомцæдеси Мæхчески райкоми. Нæ гъæу Задæлески æдеугурæй адтан дæс фæскомцæдесон кизги. Æма федарæй загътан, гъæуама аци тухст рæстæги фæййагъаз кæнæн нæ колхозæн, фæккеун æй ма бауадзæн, нæ бон ци æй, уомæй фæккæсæн хæдзарадæмæ.

Исаразтан бригадæ, адтæнцæ си Текъойти Розæ, Хъæлицти Оля, Хосироти Хамисят, Цакъоти Оля, Текъойти Донкæ æма иннетæ, æз дæр сæ хæццæ, уотемæй. Рандæ ан игуæрдæнмæ хуасæ кæрдунмæ. Агъаз нин кодтонцæ зæронд лæгтæ, гъæубæсти кадгиндæр хестæртæ – Хъæлицти Смайли æма Бæзити Хамæза. Амудтонцæ нин косун, исгъæциуонцæ нин нæ цæвгутæ, гъæдтæ кæниуонцæ сагойнитæн.

Еци анз хъæбæр бакуста нæ бригадæ. Æрцæттæ кодтан дзæвгарæ хуасæ, уой фæрци колхози фонс зумæги дæргъи еу усмæ дæр тухст нæ баййафтонцæ, фагæ хуаллаг син адтæй.

Нæ мадтæлтæ ба æхсæвигæнтти фæтæгени цирагъи рохсмæ ерисæй бидтонцæ не ‘фсæддонтæн гъар къохæрходтæ, цъоппин цъиндатæ…

Хъæбæр мæ фæндуй, абони фæлтæр еци хабæрттæ ку зониуонцæ, ку нæ иронх кæниуонцæ нæ хестæрти арфиаг гъуддæгутæ, уони хузæн ку уарзиуонцæ æма гъæуай кæниуонцæ нæ Райгурæн зæнхæ.

***ХÆМИЦАТИ–ХЪАРДАНТИ Катя,***
***Толдзгуни гъæу.***




Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохмæ Задæлески гъæусовети (уордæмæ Задæлескæй уæлдай ма хаст цудæнцæ гъæутæ Нар æма Хæнæз) цæргутæй ка рандæ ‘й (134 адæймаги), уонæй еу æма цуппаринсæй нæбал исæмбалдæнцæ сæ фидиуæзæгбæл... Уони хузæн ма Дигоргоми иннæ гъæутæй дæр Райгурæн бæсти сæрбæлтау ка иснивонд кодта сæ цард, уонæн Мæцути æвæрд æрцудæй еумæйаг номерæн циртдзæвæн.

**Хъæрæсе-Черкеси Республики номдзуд лæгтæй еу, Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Кинтев Павел Ефими фурти райгурдбæл 29 июни æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1916-1991).**

# ХÆСТЫ РÆСТÆГ УÆВГÆ ЦЫ НЕ 'РЦÆУЫ...



**ДАУЫРАТЫ Дамир,**
Цæгат Ирыстоны адæмон фыссæг

## ДЫВДЫВ АЛЫГЪД НЕМЫЦИМÆ...

Кæцыдæр аз мæ фæззæджы хъарм бонтæй иуы мæ рухсыбадинаг хæлар Æгъуызарты Саукуыдз йемæ Дур-Дурмæ акодта, дæ хæлар дунейы рухс кæм федта, уыцы хæдзар, дам, фен, мæ кæстæр æфсымæр Таймураз цуанон у æмæ дын уый та иу æхстæн дыууæ хъæддаг хуыйы куыд афæлдахы, уый равдисдзæн. Физонæджы тæф ма хъуыды кæныс?..

Хъæуы астæу автобусæй куыддæр рахызтыстæм, афтæ махæй чысыл фалдæр иу сау «Москвич» дзыхълæуд æркодта. Бæрзонд, фæтæнуæхск лæппу дзы рахызт, морæ нымæтхуд йæ сæрыл. Саукуыдзимæ кæрæдзиуыл ныттыхстысты, цæуылдæрты аныхас кодтой, нæ мæм хъуыст, стæй уыцы мæнæн æнæзонгæ мæнмæ дæр æрбацыд, йæ ном мын загъта — Тазрет, йæ машинæйы раззаг дуар мидбылты худгæйæ ныттыгъта:

– Мæнæ ма мæ фарсмæ æрбабад!..

Иуцасдæр куы ауадыстæм, уæд æй бамбæрстон хъæуæй ахызтыстæм, уый, хæдзæрттæ дзы нал уыд, быдыр райдыдта, æцæг дзургæ ницы скодтон. Саукуыдз фæразæй:

– Дамир, мæнæ мæ хæлар Тазрет ныцъцъæх ис дæ уазæджы, дам, дын раздæр æз хъуамæ бабуц кæнон. Разы йын кæнæм?.. Искуы Къорайы уыдтæ?..

Ахæм уавæры ды мæ бынаты цы бакодтаис, мæ кæсæг? Цы гæнæн мын уыдис, зæгъын, сымах куыддæриддæр фæнды, афтæ.

Хъæуы астæу иу бæрзонд агуыридурæй амад хæдзары цур егъау, фæтæнкъабузджын бæласы бын ауыоны æрлæууыдис нæ машинæ. Æз мæ къах зæххыл куы æрæвæрдтон, уæд фыццаг фæкомкоммæ дæн уымæн йæ цауддæр уидаджы зæххы цъар куыд стыдтой, уымæ, уыдисты æнахуыр ставд, иуыл дзы чидæр фæтæн фæйнæджы гæбаз зæгæлтæй дæр ма ныххоста бадынæн.

Тазрет мын кæнæ мæ цымыдисдзинад бамбæрста, кæнæ та, чи зоны, алы уазæгæн дæр афтæ кæны, фæлæ мын радзырдта ацы бæлас, дам, мæ фыды фыдыфыды сагъд у, немыц иу советон афицеры уацары райстой, тæхæджы, æмæ йæ ацы тулдзыл æрцауыгътой, цалдæр боны йыл дзедзыкка фæкодта. Хæсты фæстæ чидæр нæ хъæуы хицауы сардыдта уыцы тулдз бæлас, дам, йæ бындзарæй афæлдахын хъæуы, не знæгтæн, дам, сæ сау ми бакæнынмæ фæахъаз... Ноджы цыдæртæ ма. Фæлæ æгас хъæубæстæ дæр ууыл не сразы сты, уый сæрыстыр кæмæй стæм, нæ хъæуы ахæм фидауц куы у... :

– Тазрет, Дамир фыссæг у, уый нæ зоныс?.. Уæртæ ма йын уæ куыдзы хабар дæр ракæн...

Уый нæ йæ фæдыл цъылинаджы хуымты уæрæх астæуты цæхæрадоны кæронмæ акодта, дыууæ æхсæр бæласы бын егъау дуры цур æрлæууыд, æргуыбыр кодта, йæ нымæтхудæй йæ асæрфта æмæ дзы мæнмæ разынд сырх ахорæнтæй фыст «Ам ныгæд ис Дывдыв».

– Ацы Дывдывы мæ фыдæн йæ кæсгон хæлар цуанон Хизиры лæвар уыд, – Тазретæй нæ ферох Саукуыдзы курдиат. – Уыцы æнахуыр фæлмæн ном та йыл ам нæхимæ сбадт, мæнæ иуæйиу хъуырхъуыргæнаг зæронд лæгæй уæлдай нæ уыд, æдзух хъæуа-нæ хъæуа рæйгæ кодта, æхсæв та–ниугæ, æвæццæгæн, ам махмæ йæ зæрдæмæ нæ цыд. Мæ фыд æй уæддæр бирæ уарзта, хæстмæ куы цыд, уæд мæ мадæн фæдзæхсгæ ныккодта ме ссыдмæ, дам, мын æй мацы фæкæнут, мемæ-иу цуаны цæудзæни.

Немыц нæ хъæуы дæр куы æрбынатон сты, уæд Дывдыв бынтон æндæр хуызæн фестад, нæ — рæйгæ, нæ — ниугæ. Иу бурсæр афицер Шульц мæнæ ам махмæ нæ уаты цардис æмæ-иу уый бын атылд. Уымæ уый хорз касти, алыхуызон хæринæгтæ йын лæвæрдта, суанг æй печенитæ хæрын дæр ма сахуыр кодта, æз æмæ мæ хо ма гыццылтæ уыдыстæм, нæ цуры-иу ын сæ тыргъты акалдта, цыма мах мæстæй мардта, уыйау. Чысыл уырыссагау дзырдта уыцы Шульц æмæ иухатт мæ мадæн бамбарын кодта ацы хъæуы, дам, махыл уæ куыдзæй тынгдæр ничи бацин кодта. Куыд æм хæлæг кæнæм, уый нæ мад уыдта, фæлæ цы йæ бон уыд, æлгъыста йæ...

Иу зымæгон райсом немыц лидзынмæ фесты. Мах нæ рудзынгæй кастыстæм æмæ нæхи цæстытæй федтам Шульц цæугæ-цæуын йæ сау рог машинæйы дуар куыд ныттыгъта æмæ, сæ фæдыл чи ныййарц, уыцы Дывдыв кабинæмæ куыд багæпп кодта, уый. Мæ мад ныхъхъæрзыд, уынгмæ разгъордта, суанг Бесолты тигъы онг ныххæццæ, сæ фæдыл ма бирæ фæкаст. Кæддæруæддæр нæхимæ куы раздæхт, кæрты дуар йæ фæдыл куы сæхгæдта, уæд уынгæг хъæлæсæй цы загъта, уыцы ныхæстæ мæ никуы рох кæнынц:

— Фыдвæндаг фæуы!.. Уæ фыд куы раздæха, уæд ын цы зæгъдзыстæм?..

Уыцы бон æгас хъæу дæр базыдтой Дывдывы хабар. Не 'мгар лæппутæ æмæ чызджытæ нæ тулдз бæласы бын кæрæдзиуыл миты къуыбæрттæ æхсынтæй хъазыдысты, кæрæдзийы æмæиу махмæ амонгæйæ дзырдтой:

— Сæ куыдз немыцы фарс фæцис. Ныууагъта сæ...

Хъуыды ма кæнын, æз уый ницæмæ æрдардтон, фæлæ мæ хо скуыдта, мидæмæ балыгъд æмæ уæд уыдон дæр фæйнæрдæм фæпырх сты, зыдтой йæ ныртæккæ сæм нæ мад ралæбурдзæнис, уый.

Æртыккаг, æви цыппæрæм бон нын сæумæрайсом нæ сыхæгты ус Ламикка нæ рудзынг ныххоста æмæ йæ æгас хъæу дæр куыд хъусой, афтæ хъæрæй æрбадзырдта:

– Мæнæ уæ бæлццон раздæхти, Хестантæ. Ракæсут æм!..

Мæ мад æй чи банхъæлдта, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ йæ хъæццул иуварс фехста, йæ ныхæй рудзынгыл баныхæст, æрæджиау мæнырдæм æнæбары разылд æмæ æнкъард хъæлæсæй загъта:

– Цу ма уыцы æвзæрæн кæрты дуар бакæн. Æз дæр дæ феййафын...

Æз æнхъæлдтон, зæгъын, уый мыл йæхи æрбаппардзæн, фæлæ мæ цыма уынгæ дæр нæ фæкодта, уыйау мæ сагæхты æхсæнты ауад, дыккаг уæладзыджы тыргътæм асинтыл сызгъордта. Фæстаг къæпхæнмæ нæма схæццæ, афтæ гæрах райхъуыст æмæ Дывдыв дæлæмæ расхъиудта, уайтагъд йæ туджы пырхæнтæ ногуард миты ахъардтой. Æз хабар бамбæрстон, мæ фæсонтæ каумæ саразтон æмæ кæуыс ма – нал, Ламикка мæ æрбахъæбыс кодта:

– Ма фæтæрс, ма фæтæрс!..

Гæрахы хъæрмæ нæ сыхæгтæ цалдæрæй нæ кæртмæ æрбакалдысты. Абоны хуызæн ма мæ цæстытыл уайы: иуы дзыхæй дæр дзы ныхасы æрдæг дæр не схаудта, мæ мад æд топп тыргътæм бахизæны куы æрбадт, йæ уæхсчытыл зырзырæг куы бахæцыд, уæд уыдон сæргуыбырæй иугай уынгмæ ахызтысты, нæхи бар нæ ныууагътой...

Æрæджиау федтон мæ мад йæ хæцæнгарз фæйнæджытыл æрæвæрдта, уый, Дывдывы цурмæ æрцыд, йæ фæстаг къахыл ын схæцыд, стæй мæнæн загъта:

– Мæ фæдыл ма белимæ рацу!..

Мæнæ йæ ацы тæккæ цур баныгæдтам, дуры бын байбын ракъахтам, уæд ацы æхсæр бæлæстæ нæма уыдысты. Йæ сау сыджыт цæмæй бæрæг ма дара, уый тыххæй йæм мит æрбакалдтам. Фæстæмæ хæдзармæ куы здæхтыстæм, уæд та мæ мад йæ катайæн нæ бафæрæзта:

– Цы зæгъдзыстæм ныр дæ фыдæн?..

Æз уæд нырма ныфсæвæрæн ныхас зæгъынхъом нæма уыдтæн. Уæвгæ йын зæгъын дæр ницыуал бахъуыд: нал нæм раздæхт...

Фæссихор нæ Тазрет Дур-Дуры, Саукуыдз дунейы рухс кæм федта, уыцы хæдзары цур рапгъæвта.

Дыккаг бон нын сæумæцъæхтыл Таймураз нæ уаты дуар ныттыгъта, бæстæ йæ сæрыл систа:

– Цас хуыссут, горæттæгтæ, цас!.. Афонмæ хъæддаг хуытæ кæрдо хæрдæй ныддæнгæлтæ сты. Цæуын хъæуы...

Æз ын не сразы дæн, æфсон ын ссардтон, зæгъын, мæхи æвзæр æнкъарын, æвæццæгæн мын æппындзух кæмæй æппæлут, Дыгургомы уыцы климæт нæ фæбæззыд. Мæхи та фæндыд ногæй Къорайы фестын, уыцы фыдæлтыккон тулдз бæласы бын æнæ дзургæйæ алæууын, Дывдыв цы стыр дуры бын ныгæд ис, ууыл банцой кæнын...



## БЕРЛИНÆЙ КУЫДЗ СЛАСТА...

Хуымæллæг, 1949 аз. Уæлæсыхаг Цæра нæ хъæуæй тохы быдырмæ чи фæраст, уыдоны фыццæгтæй иу уыдис, здæхгæ та æппæты фæстæ скодта, йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй йæ дæлæ Берлины баурæдтой. Æз уæд нырма гыццыл лæппу уыдтæн, фæлæ цæмæндæр мæ зæрдыл бадардтон уыцы бонты нæ хъæуккæгтæ куыд сусу-бусу кодтой, куыд æй фаудтой, уый:

— Иутæ Германы зæххæй сызгъæрины голджытимæ сыздæхтысты, Цæра та дзы йæ сыдзыл немыцаг бур куыдз сласта...

Скъолайы дæр æндæр кой нал уыдис æмæ иу бон фæсурокты æртæ цымыдис хæлары, æз, Гугкаты Ермак æмæ Кцойты Феликс уæлæсыхмæ араст стæм, кауы хуынчъытæй йæм бирæ фæкастыстæм, абоны хуызæн ма уайы мæ цæстытыл: уыд æнахуыр стыр, æз ахæм куыдз фыццаг хатт федтон, Туацъæйы хус фæсалы хуызæн йæ хъуынтæ бур, йæ хъустæ залмы сыфтау дæлæмæ фæлдæхт йæ цæстыты онг, йæ зæнгтæ – хъуынджын, уыд хæдзармæ бацæуæны къаххафæнмæ баст. Уырдыгæй нæ фæндаг Кцойты куыройыл ракодтам, былæй-иу доны малмæ нæхи фехстам, Феликс нын йæхицæй раппæлыд æз, дам, уыцы немыцаг куыдзы сымахæй раздæр федтон, Цæра йæ мæнæ ардæм æркæны найынмæ...

Ууыл иу мæйы бæрц, чи зоны, чысыл фылдæр рауади, афтæ та Хуымæллæджы æндæр кой нал уыд: чидæр дзидзайы фæлмæны æрцындз батъыста, кауы сæрты йæ Цæрайы кæртмæ баппæрста, куыдз æй аныхъуырдта æмæ амарди, æфсæйнаг къаххафæн, дам, ма йæ катайы кæрты дуары онг рахæр-хæр кодта...

Уыцы фыдгæнæг чи уыдис, уый уæд афтæ дæр не сбæрæг, фæлæ мæнæ цы радзырдта мæнæн, районы газеты æрыгон уацхæссæгæн, нæ хъæусоветы уæды азты сæрдар Æгкацаты Федыр, Цæрайы кой дæр нæм куы рауадис, уæд:

– Йæ дардæй ласт куыдзæн ын чидæр афтæ куы бакодта, уæд мæм дыккаг æви æртыккаг бон Цæра хъæстмæ æрхæццæ, кæмæн, дам, цы кодта мæ куыдз, мæ сæрæн куы ницы æмбарын, уæд, никæуыл, дам, гуырысхо кæныс, ацы хъæуы чи цы гæнæг у, уый дæуæй хуыздæр чи зоны... Ды йын, Дамир, мæ бынаты цы загътаис?.. Бауырнæд дæ, мæ дзыхæй дæр никуы ссыди, фæлæ мæм уымæй размæ уыд хæсты ветеран, Цæрайы дæллагфарс цæрæг Темыр, се 'хсæн фыдæлтыккон ныллæг кау быд йеддæмæ ницы ис. Æмæ мын афтæ зæгъы, дæ хорзæхæй, мæнæ, дам, ма дæ кабинеты дуар мидæгæрдыгæй дæгъæлæй сæхгæн, æз дæм цыдæр равдисон...

Мæ цуры йæ хæлаф фадхъулты онг æрыппæрста, йæ хæдоныл хæрдмæ схæцыд. Зоныс æй, Дамир, æз мæхæдæг дæр хæсты быдыры уыдтæн, бирæ цыдæртæ федтон, фæлæ йын йæ фæтæн фæсонтæ æмæ йе 'рбадæнтæм куы бакастæн, уæд мæ скæуынмæ бирæ нал хъуыд. Куыд мын радзырдта, афтæмæй хæсты фыццаг бонтæй иуы Житомиры бынмæ уацары бахауд, къуырийы фæстæ дыууæ æмбалæй ралыгъдысты, фæлæ сыл немыцæгтæ сæ куыйты сардыдтой, уыдон сæ баййæфтой, хъæды цъымарайы, дам, размæ бахаудтæн æмæ мæ дыууæйæ сæ быны скодтой, гæбазгай мæ фæтыдтой...

Æз æм хъуыстон æмæ йæ уайтагъддæр бамбæрстон, мæнмæ йе 'рцыды сæр цæй тыххæй у, уый. Дзургæ ницыма скодтон, йæхæдæг фæразæй:

– Мæ сыхаг не знаджы зæххæй хуыздæрæн цы сласта, уый куыннæ зондзынæ?.. Ды мæ бынаты уым фæцæрис? Куыд дæ фæнды, æз хъуамæ бон-изæрмæ дæр уымæ кæсгæйæ мæ кæддæры хъизæмары бонтæ мысон? Æмæ йын кæдмæ фæраздзынæн? Исты хос нын æрхъуыды кæн. Æмбарыс мæ?..

Æз æй æмбæрстон, фæлæ цалынмæ абон райсомы фæхъау кодтон, уæдмæ уыцы хабар æрцыди...

Дарддæр цы уыд, уый æз мæхæдæг зыдтон: Цæра фæтæргай, хъæубæстæм фæхæрам, горæтмæ алыгъд цæрынмæ. Иуцасдæр та хъæу фæсусу-бусу кодтой:

– Цæра Берлинæй сызгъæринтæ дæр сласта, æндæра Дзæуджыхъæуы Терчы был цъæхсæр хæдзæрттæ цæмæй балхæдта?.. Йæ сыстытæй?..

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, композитор, ахургæнæг Хосироти Соломони фурт Тотурбеги райгурдбæл 27 июни æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1926-2012).**

*Георгий ХЕТАГУРОВ (1903-1975), Герой Советского Союза, генерал армии: «Смелость и мужество – качество особенно необходимые в современном бою... Но как стать смелым, отважным, что нужно для этого? Прежде всего следует сказать, что храбрость – качество не врожденное. Оно воспитывается в человеке точно так же, как и всякие другие морально-боевые качества...»*



Марш «Бессмертный полк» в селении Камунта. 2016 год.

# ВЕЧНАЯ БОЛЬ И ВЕЧНАЯ НАША ПАМЯТЬ...

В День памяти и скорби в Северной Осетии стартовал масштабный **Всероссийский патриотический конкурс «Наша Победа 80».** Мероприятие прошло на мемориале «Барбашово поле». Для участия в торжественной церемонии официального запуска конкурса в республику прибыли делегации из Москвы, Республики Крым, Забайкальского и Краснодарского краев, Амурской, Ивановской, Новгородской, Нижегородской, Свердловской и Оренбургской областей.

В мероприятии приняли участие помощник заместителя Председателя Государственной Думы Петра Толстого Екатерина Ларинина, начальник отдела Федерального агентства по делам СНГ (Россотрудничество) Руслан Прохоров, руководитель проекта «Поколение уверенного будущего» Юрий Юрманов, победитель Всероссийского конкурса «Наша Победа 75» Лилия Глушко, председатель Совета ветеранов Северной Осетии Казбек Фриев, представители ветеранских и общественных организаций республики.

Перед официальной частью мероприятия состоялось возложение цветов к памятнику Героя Советского Союза Петра Барбашова и братской могиле советских солдат, павших в боях с немецко-фашистскими хахватчиками на территории Северной Осетии.

Гостей и участников церемонии поприветствовал врио Главы наше республики **Сергей Меняйло**. Он поблагодарил организаторов конкурса, отметив, что суровые испытания, выпавшие на долю советского народа в годы Великой Отечественной войны и тяжелое послевоенное время, стали частью нашей истории. И героизм, безграничная любовь к Родине, бесстрашие и мужество ветеранов войны должны всегда оставаться великим примером для подрастающего поколения.

– В День памяти и скорби мы вспоминаем тех людей, которые первыми приняли удар войны, – сказал в своем выступлении Сергей Меняйло. – Многонациональный народ Советского Союза, проявив невиданные мужество м самоотверженность, отстоял свободу и независимость нашей великой Родины. Символично, что маленькая, но прославленная воинской славой своих героев Осетия стала флагманским регионом по подготовке к конкурсу и всероссийской акции «Герои регионов». Конкурс продлится более тысячи дней и завершится 9 мая 2025 года – в год празднования 80-летия Великой Победы.

В свою очередь, **Екатерина Ларинина** зачитала приветственный адрес заместителя Председателя Госдумы Петра Толстого, который поблагодарил врио Главы Северной Осетии и организаторов Всероссийского конкурса за работу, направленную на увековечение памяти героев Великой Отечественной войны, а также неоценимый вклад в патриотическое воспитание молодежи. В приветствии, в частности сказано: «Народ, не помнящий своей истории, не имеет будущего. Ценой тысяч жизней за три года до долгожданной победы здесь, в Северной Осетии, было остановлено наступление фашистских захватчиков на Кавказе. Это пример подвига не только Героя Советского Союза Петра Барбашова, но его однополчан, людей десятков национальностей, для которых, как и сегодня, Родина одна – Россия...»

Проект «Наша Победа» – это всероссийский конкурс, который проводится в рамках акции «Герои регионов». Участие в ней планируют принять не только жители России, но и жители стран СНГ и Варшавского договора, стран, выступавших союзниками в борьбе с фашизмом. В конкурсе «Наша Победа 80» сможет принять участие молодежь в возрасте от 14 до 35 лет. Его планируется проводить в нескольких номинациях: **«Точка на карте», «Здесь зарождалась Победа», «Знаем. Помним. Гордимся!», «Бросок в бессмертие», «Хранители времен», «Дальневосточный и Забайкальский фронт – забытая война».**

## ПОМНИТЕ! ЧЕРЕЗ ВЕКА, ЧЕРЕЗ ГОДА, – ПОМНИТЕ!

Вспомним всех поименно,
горем вспомним своим...
Это нужно – не мертвым!
Это надо – живым!

Разве для смерти рождаются дети, Родина?
Разве хотела ты нашей смерти, Родина?
Пламя ударило в небо! – ты помнишь, Родина?
Тихо сказала: «Вставайте на помощь...»
Родина.
Славы никто у тебя не выпрашивал, Родина.
Просто был выбор у каждого: я или Родина.

Ой, зачем ты, солнце красное,
все уходишь – не прощаешься?
Ой, зачем с войны безрадостной,
сын, не возвращаешься?
Из беды тебя я выручу,
прилечу орлицей быстрою...
Отзовись, моя кровиночка!
Маленький. Единственный...

Однажды мы вас потревожим во сне.
Над полями свои голоса пронесем в тишине.
Мы забыли, как пахнут цветы.
Как шумят тополя.
Мы и землю забыли.
Какой она стала, земля?
Как там птицы? Поют на земле без нас?
Как черешни? Цветут на земле без нас?
Как светлеет река?
И летят облака над нами? Без нас.

Помните!
Через века, через года, - помните!
О тех, кто уже не придет никогда, - помните!
Не плачьте!
В горле сдержите стоны, горькие стоны.
Памяти павших будьте достойны!
Вечно достойны!

Люди!
Покуда сердца стучатся, - помните!
Какою ценой завоевано счастье, –
пожалуйста, помните!
Песню свою отправляя в полет, – помните!
О тех, кто уже никогда не споет, – помните!

Детям своим расскажите о них,
чтоб запомнили!
Детям детей расскажите о них,
чтобы тоже запомнили!

*Из поэмы Роберта РОЖДЕСТВЕНСКОГО «Реквием».*


# РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2021 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆМБЕСÆН ÆЙ 415 СОМИ ÆМА 44 КЪАПЕККИ.




ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.


Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№1397**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 25.06.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**